# Chitsauko 4

## Dudziro yechipiri-

### Gwenga Inzvimbo yo*kukura*

" *Mwana akakura, akasimba mumweya, akagara murenje kusvikira zuva rokuratidzwa kwake kuvaIsraeri.*" (**Ruka 1: 80**)Mwari kana vachida kuumba michero zvinotora mazuva akati wandei, unofunga kuti iwe semunhu Mwari varikumbo- kuumba sei ? Kana tasvika panyaya yokuumbwa kwohupenyu hwomunhu naMwari , Mwari haachimbidze, anotora nguva yake yose, anofarira kuti munhu akwane kwazvo, akure mukururama, nokuvimba naye nguva dzose, nohupenyu hwake huve wakavandudzwa muna Kristu.

Mukukura imomo tiri muna Kristu, tinosangana namatambudziko, akaita sekudai, kuderera pamweya yedu, zvigumbuso zvinotidzosera shure parutendo rwedu, kukanganisika nokufunganya. Sei tichishandira Mwari, tinoizviita nokuda kwemufaro watinenge tinawo, kana kuti tinezvikonzero zvatinotarisira kuwana kana tichinge tamushandira ?

Heano mafungiro aGary L .Thomas, mukuru weEvangelical Spirituality . Anofunga kuti zvaigona kuva nyore kuti mutendi wose ave nomufaro mukunamata Mwari, dai pasina rwendo rwemugwenga matinombofamba namo. Dai pasina rwendo rokupfuura nomugwenga, rinova ndiro rinotidzora nokutiita kuti tizvininipise, tingadai tiri vanhu vanokwezwa nezvinopfuura pakurarama kwedu.

Rangarira pamazuva ako okuponeswa , zvinhu zvose zvairatidzika kuve zvakanaka , uine tarisiro yokushumira nokuparidzira nyika yose. Paya pawakazofunga kuti iwe ndiwe unozvigona, vamwe vose havana rutendo, uye vano-nonoka kubata basa raMwari. Kufunga kwakadaro kunoita kuti uve nemweya wokutarisira vamwe pasi, sezvinonzi havana kugamuchira nokuzvipira mukushandira Mwari muhupenyu hwavo.

Mwari vachiona zvakadai vanombotiisa munguva yokuomerwa, iri nzira yokutidzikamisa kuti tinyatsofamba nenzira inoda Mwari uyewo

navamwe zvakanaka. " *Jehova, moyo wangu hauzvikudzi, meso angu haana manyawi; Handine hanya nezvinhu zvikuru kuru, Kana nezvinhu zvinondikurira. Zvirokwazvo ndakavaraidza mweya, wangu nokuunyaradza; Somwana wakarumurwa uri pana mai vake, Mweya wangu wakaita kwandiri somwana wakarumurwa.*"
*(* **Mapisarema 131: 1-2** )

Mwari vanotirumura pahucheche hwechiKristu, vachitiisa pakubatikana pazvinhu zvaMwari, zvinoita kuti tikure murutendo nokuziva mugumo wehupenyu hwedu. Rutendo nemhedzisiro yeupenyu hwedu zvinofanira kufambirana. Tisakafamba nenzira yokuomerwa murutendo rwedu tinoramba tiri vacheche hatikure murutendo rwedu. Tikada kuziva nezvemugumo hwehupenyu hwedu chete tinorasika. Mwari vanoda kuti munhu womukati akure mukutenda kwedu, tiine tariro yeramangwana.

Sezvakaita mwana muparadzi, akaenda mugwenga panguva yake oga, adzoka ikoko haana kuzviisa pachinzvimbo chokuva mwana asi wakada kuti baba vake vamuite somuranda. Kuzvininipisa ikoku ndiko kwatinozova nako mushure mekuomerwa tiri mugwenga . Imomo , tinodzikamiswa nokuva vanyoro nokutanga kufunga zvitsva zvakanaka zvingafadze Mwari. Rwendo rwemugwenga rinoita serinorwadza, nokuti tinotorerwa asi tozopihwa zve, zvimwe zvinobatika, zvimwe hazvionekwe nameso nokuti ndezvekukura pamweya .

**Kusimba pamweya**

Kwakanyorwa kuchinzi: Johane mubapatidzi akakura, akasimba mumweya akagara murenje. Kukura uku , kwaiva kwemweya kwete kwemhumhu. Kukura kwemutendi hakusi kwezera kana kwemakore mazhinji ari pakereke, asi kukura kwepamweya . Uyezve Johane akagara murenje kusvikira zuva rake rokuratidzwa kwake kuva Israeri. Nesuwo kana tapfuura nemugwenga, mukuomerwa kwehupenyu hwedu, tinodzidza zvinoda Mwari, izvi zvinoonekwa kunyangwe navanhu, kuti tashandurwa. Sezvinoitwa zvicherwa zvemhangura , zvinodarika nomumoto, kuti zvishambidzwe, ndizvo zvinongoitwawo vana vaMwari, pavanopfuura nemugwenga .

Kupfuura nemugwenga kunoènzaniswa zvakare nokuzvitsaura, kuti tigowana nguva yokunamata, nokuteerera kubva kuna Mwari. Hazvinei kuti zvinotora nguva yakareba, tinofanira kumirira kusvikira Mwari vapedza nesu , tiine rutendo rwokuti nguva yemugwenga ichapfuura .

Rwendo rwomugwenga inguva yokunyarara uri pamunyengetero . Josefa wakatsungirira mukupomerwa nekutambudzwa ari mutorongo, Mwari akazo - musimudzira ari munyika yeIgipita. Mosesiwo wakafudza makwai kwemakore makumi mana , Mwari asati amusimudzira kuti ave mutungamiriri wevana vaIsraeri parwendo rokubuda muIgipita, kupinda munyika yechipikirwa . Davidi waive akatendeka pabasa rababa vake rokuchengetedza makwai, paakashaya kunyangwe nemumwe akamupembedza pazvishamiso zvaakaita zvokurwira makwai ababa vake, akauraya shumba nebere, izvi akazviita vanhu vasati vaziva kuti aishandiswa naMwari. Panguva yaakauraya Goriati vanhu vakatanga kuziva kuti simba raive riri maari raive raMwari. Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: " *Izvo zvisina kuonekwa neziso, kana kunzwikwa nenzeve,Nezvisina kupinda mumoyo womunhu, Ndizvo Mwari zvaakagadzirira vanomuda."(* **1 VaKorinte 2:9)**

Muenzaniso wakanaka wokufamba mugwenga kwenguva refu ndewa Ishe Jesu Kristu . " *Jesu akaramba achienda mberi pakuchenjera, napakukura, napakufadza Mwari navanhu*" ( **Ruka 2:52**) Mumurangariro, muhutano pamweya nomumagariro ndizvo zvinhu zvinotarisirwa kuti munhu ave akakwana kwazvo naMwari. Uri kukura here muzvinhu izvi ? Ndechipi chikamu chausiri kunyatsokura zvakanaka munguva yokuomerwa ino ? Haingave here nguva yokuti Mwari vakugamuchidze chipo chausina pakukura kwako ?

Muraramiro wezvakasikwa naMwari unotsinhira kurarama kwatinoitawo isu. Muchero kuti ukure zvakanaka unoda mwaka yese yegore, kunaya kwemvura, chando, nekupisa .Kana izvi zviri zvinodikanwa nomuchero, hazvingave chokwadi here kuti iwe neni tinozvidawo ? Zvoreva kuti panguva yatinofunga kuti takaomerwa, ndiMwari vanenge vachitikudza kubva pane kumwe kukura pamweya vachitisvitsa panechimwe chinhanho chokukura. Ndinofunga kudaro !

**Kukura kwezvinhu zvinehutano.**

Kana uchida kukura zvakanaka , unofanirwa kuva nehutano . Ichi ichokwadi muhupenyu hwevanhu, zvirimwa , mumabasa, mumhuri, mumaKereke kunyangwe munezvehupfumi. Kana zviine hutano zvinokura. Kukura kwezvinhu kunotoshanduka zuva rimwe nerimwe.

Kushanduka kwezvinhu mukukura kunoshamisa. Vamwe vanotokahadzika. Mark Twain akati: " Munhu anofarira shanduko mwana mucheche , anochema kana machira ake achinge anyorova ." Kazhinji tinongoda kuti zvinhu zvigare sezvazviri, chero zvichitifadza . Kana pakava nekushanduka kwezvinhu tinokahadzika nokuvhunduka . Kana tawana shanduko yakakura , tinova nokukahadzika kukuru.
Shanduko inotipa kukahadzika, inoita kuti tivimbe naMwari. Zvikuru kana takatarisana nedambudziko rakatikurira. Heinopfungwa: " muidzo hausi muidzo kusvikira watoidzwa." Asi Mwari anoziva kusimba nokusasimba kwako pakuidzwa kwako. Ichokwadi zvinonzi muidzo kunemumwe munhu unogona kusava muidzo kwauri.

Kuteerera kunotisvitsa mukuvimbika.
Serwiyo runoti, " *kuteerera ndiyo bedzi nzira yorufaro naJesu, vimba uteerere"* Tikavimba muchokwadi naMwari, Anotiratidza kuda kwake uye nezvaanoda kuti tiite. Mhedzisiro yoruvimbo kuteerera. Mubvunzo uripo ndowekuti , tirikuteererawo here ? Kuteerera kune hutano. Jesu wakati, " *Muise joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri; nokuti ndiri munyoro, ndinemoyo unozvininipisa, kuti muwane zororo pamweya yenyu. Nokuti joko rangu rakanaka, nomutoro wangu unorerukira."*
**( Mateo 11:29-30)**

Kana wateerera Mwari, mufaro wake unozadza mweya yedu, norugare rwake runopfachukira muhupenyu hwedu. Hapana zororo pahupenyu hwomutadzi, asi kune vanoita kuda kwaMwari vanowana hupenyu hwavo hune makomborero.

Zvawabva mukuverenga, ndirwo rwendo rwemwana waMwari mukukura pamweya. Ukambopfuura nerwendo rwomugwenga haungovhunduki. Hakuna kana nechimwe zvacho chingakuzunungutsa mukutenda kwako. Unogona kuvaraidzwa nezvigumbuso asi hazvikukurire. "*Hakuno muidzo wakakubatai imi, asi wavanhu wose; asi Mwari, wakatendeka,*

*haangatenderi kuti muidzwe kupfuura pamunogona napo; asi pamwechete nomuidzo, iye uchakupaiwo nzira yokubuda nayo, muve nesimba rokutsunga"*
***(1VaKorinte 10: 13)***